



DIVISION OF STUDENT AFFAIRS

Bòn chans pou semès Prentan 2024 la

Lendi 22 Janvyè 2024

Chè Kòlèg,

Semèn pase a, mwen te gen plezi pou m rankontre nouvo manm pèsònèl Divizyon Zafè Etidyan yo nan okazyon oryantasyon nouvo anplwaye yo. Pandan tan nou pase ansanm nan, kolaboratè dirèk mwen yo (yo rele Vis Prezidan Zafè Etidyan) te bay konsèy ki baze sou plizyè ane travay yo nan UMD. Ide yo pataje yo raple nou ki jan nou ka pran swen youn lòt ak pran swen tèt nou. Yo raple nou tou ki jan pou nou pwofite de eksperyans nou nan UMD. Mwen vle pataje sajès yo avèk nou tou, paske mwen panse l ap ouvri chimen pou gen yon semès ki reyisi epi ki fòmèdab.

Envesti nan tèt ou

Aprantisaj ak kwasans fè pati [valè nou yo](#). Nou vle wè w pwogrese pèsònèlman ak pwofesyonèlman. Pa ezite eksplòre ak pèfeksyone konpetans ki ale pi lwen pase wòl aktyèl ou a. Li ka louvri pòt ou pa t menm imajine! Envesti nan tèt ou, se pran swen sante fizik ak mantal ou tou: fè egzèsis epi pran poz. [Nou rete detèmine pou nou envesti nan ou tou](#).

Konstui kominote youn ak lòt.

Ansanm nou pi fò. Koneksyon pwofon yo kreye konfyans, yo amelyore kolaborasyon epi yo ogmante byennèt nan travay. Elwanye w de travay w ap fè a ka parèt difisil, men pran tan pou w fè yon ti mache nan mitan jounen an ak yon kòlèg! Mete randevou kafe sa a nan kalandriye ou, ale nan reyinyon pèsònèl inite w la oswa pale ak kòlèg ou yo pandan w ap travay ansanm ak yo.

Mande èd.

Tout moun santi yo depase pafwa - sa fè pati de eksperyans imen an. Konnen ou pa poukont ou, epi nou tout la pou nou sipòte ou. DSA se yon kominote soutyen. Pale ak yon sipèvizè oswa ak yon kòlèg travay, oswa ou ka anvizaje kontakte [Pwogram Èd pou Pwofèsè ak Pèsònèl yo](#).

Pwofite de tout sa UMD bay pèsònèl li yo.

UMD bay anpil avantaj ak posiblite anrichisman. Sèvis Lwazi ak Byennèt la ofri [abònman manb pou anplwaye yo](#). Kounye a ou gen [yon aksè gratis ak New York Times](#). Epi, an n pa bliye [rediksyon frè ekolaj la!](#) Sa yo se sèlman kèk egzanp sou [sa ki disponib yo](#).

Kit se premye mwa ou isit la oswa 25yèm ane ou nan inivèsite a, konsèy sa a rete valab. An n mache ak sajès sa a pandan n ap antre nan semès prentan 2024 la ansanm. Mwen tann ak enpasyans sa mwa k ap vini yo ap pote. Mwen swete w lajwa, kwasans, ak epanouyisman pou tout tan - mwen vle ou pwospere!

Sensèman,

Patty Perillo, Ph.D.

Vis Prezidan pou Zafè Elèv yo, University of Maryland
li (pwonon feminen)